


Dekale, Chire, ak Kole

Nan Itilize Bagay ki Kolan yo avèk Ti Men yo

Riban adezif ak otokolan yo se zouti ekselan pou pratike ti mouvman tankou dekalè, chire, ak kole.

Remake: Yo ka jwenn founiti ki soulinye yo nan kit ou a. Founiti ki an *italik* yo ou gendwa genyen yo lakay ou oswa ou kapab itilize yon bagay ki sanble.



Konsèy sou Zouti yo


Riban adezif ble atis pent yo fèt pou dekalè sifas yo san li pa kite yon dezòd ki kolan. Men li toujou yon bon ide pou teste li sou diferan sifas yo avan ou pèmèt timoun ou an itilize li. Otokolan wonn yo kapab pi rèd pou soti sou bagay yo tankou tab ak mi yo. Sèlman itilize otokolan wonn yo sou sifas tankou papye ak katon yo.

Prensip Fondamantal yo

Anpil nan aktivite sa yo pral mache sou tab oswa menm sou planche a. Men ou gendwa vle eseye kèk nan sifas vètikal yo, tankou yon mi oswa fas devan frijidè a. Timoun yo bati diferan misk nan men, ponyèt, bra, ak kò yo lè yo travay sou bagay ki plat oswa vètikal yo. Chak nan misk sa yo nesèsè pou devlope konpetans motris fin yo.

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 2 ak 3 Ane yo



- **Santi li.** Aranje bann riban adezif la sou yon plato chèz, tab, oswa planche ki wo. Dekalè pwent yo lejèman, answit pèmèt timoun ou an fini dekalè riban adezif la. Eseye ankò *ti jwèt oswa objè* yo sou yon tab, mi, oswa menm yon *gwo plak pou patisri*. Envite timoun ou an “sekouri” yo.
- **Ajoute kèk wonn.** Lè timoun ou an ap desine oswa kolore, ba li yon fèy otokolan wonn pou ajoute nan foto yo a. Montre li fason pou dekalè otokolan yo sou fèy la. Plwaye dousman fèy la pral rann li pi fasil pou dekalè sou otokola an.
- **Klase otokolan.** Itilize kreyon koulè pou dlo desine gwo sèk sou papye ak koulè otokolan wonn yo. Kole papye a sou planche oswa mi a. Bay timoun ou an kèk otokolan wonn. Mande li dekalè otokolan yo sou fèy la epi kole yo andedan sèk la ki gen menm koulè.



Plis! →

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 3 ak 5 Ane yo

- **Trase sou otokolan.** Itilize yon *kreyon* oswa *makè* pou desine liy, fòm, lèt, oswa chif sou yon moso papye oswa *katon*. Pwovoke timoun ou an pou trase liy, fòm, lèt, oswa chif avèk otokolan wonn yo. Pou yon difikilte anplis, desine liy yo nan itilize diferan *makè* koulè yo. Answit, timoun ou an kapab eseye tou fè lyen ant otokolan wonn yo ak liy la ki gen menm koulè a.
- **Fè lyen ak lèt.** Itilize yon *kreyon* oswa *makè* pou ekri lèt endividyèl sou otokolan wonn yo. Ekri menm lèt yo sou yon fèy papye. Ankouraje timoun ou an dekale yon otokolan epi itilize li pou kouvri lèt ki koresponn sou papye a. Eseye menm aktivite sa a avèk chif oswa fòm yo. Oswa fè yo fè lyen ant lèt majiskil yo ak lèt miniskil yo.
- **Pis riban adezif.** Jwenn kèk espas lib sou planche lakay ou a kote timoun ou an kapab jwe avèk riban adezif. Envite timoun ou an kreye yon pis kous, yon wout, oswa tout yon vil sou planche a. Answit, yo kapab itilize pis la pou jwe avèk *fwèt machin*, *tren*, oswa *ti fwèt* yo (oswa mache sou liy yo, tankou yon kous obstak).



Bonis!

Aktivite sou Tout Kò. Lè ou ap netwaye aktivite ki itilize riban adezif, kole tout bann yo ansanm epi kreye yon balon riban adezif. Pote balon riban adezif la yon kote deyò dekwa pou ou menm ak timoun ou an kapab jwe atrape balon!



Bagay pou ou di

“Riban adezif kapab rès pou chire. Annou eseye ankò.”

Lè tout riban adezif la kole ansanm li kapab fwistran. Ankouraje timoun ou an kontinye pratike. Ou kapab tou kenbe woulo riban adezif la pandan li ap chire sa li bezwen an.

“Ou te panse ak yon nouvo bagay pou fè avèk riban adezif la!”

Swiv lidèchip timoun ou an epi sipòte enterè ak kreyativite li a. Jis asire ou mete baryè ou konfòtab avèk yo a.